

Semèn pase a, Vil nou an resevwa yon lèt ki soti bò kote Pwokirè Jeneral Etazini, Pam Bondi, ki deklare Boston kòm yon “jiridiksyon azil” epi menase pou pouswiv otorite vil la epi wete lajan federal si nou pa ede ak depòtasyon an mas.

Li te mande pou nou reponn jodi a, kidonk men repons nou:

Nan Vil nou an, nou respekte lalwa—kit se lalwa lokal, eta, oswa federal.

Egzekisyon lwa imigrasyon se responsablite gouvènman federal. Lalwa sa a klè depi 1997. Vil tankou pa nou yo pa oblije depanse lajan kontribyab pou aplike règleman imigrasyon federal yo. E nou pap fè sa.

Olye de sa, n ap itilize resous lokal nou pou fè lavi pi fasil pou rezidan nou yo epi kenbe Boston kòm pi gwo vil ki pi an sekirite Ozetazini.

Ou fè erè lè w trete gwo vil Ameriken yo tankou zòn lagè. Ou fè erè lè w itilize lajan taks nou pou voye Gad Nasyonal sou lari kapital nou an. Ou fè erè lè w mete blam sou vil ki pi divès yo pou pwoblèm ou yo.

Ou ka eseye fè vil nou yo tounen senbòl dezòd. Men Boston se prèy yon bagay ki pi pisan anpil: sekirite soti nan lanmou pou pwochen w tankou tèt ou.

Nan Boston, ajan sekirite piblik nou yo pa bezwen kache figi yo, paske yo se manm kominote nou an. Ajan nou yo pwoteje nou lè yo vin konnen rezidan yo, pa lè yo ap chèche retire yo.

Nou renmen vil nou twòp pou nou bese tèt devan yon moun ki ap mete blam sou imigran depi anvan mwen te fèt.

Avèk mwen jodi a, gen lidè sekirite piblik ak lidè relijye, defansè dwa sivil ak ansyen sòlda, òganizatè sendika, pwofesè, atis, ak lòt otorite eli tankou mwen.

Nou tout la pou nou fè fas ak menas sa a ansanm.

Pou rezidan Boston yo: kanpe avè nou...E montre administrasyon an ke lespri nou pi solid pase tout tan.

Nan mwa jen ki sot pase a, nou te depoze yon demann dapre Lwa sou Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Act) bay ICE, pou mande minimòm transparans nan men gouvènman federal nou an.

Kidonk jodi a, n ap depoze yon apèl fòmèl, pou egzijè ICE bay dokiman piblik nou te mande yo. E nou pare pou pran plis aksyon legal si yo kontinye refize demann nou an.

Nou t ap swiv de pre jan Donald Trump ap eseye kreye distraksyon nan LA ak DC lè li itilize lajan taks nou pou voye Gad Nasyonal la. Nou pare pou ale nan tribinal epi chèche yon òdonans jij si nou santi y ap eseye fè menm bagay isit la.

Vil yo pa yon menas pou Amerik. Yo se motè pwogrè nou. Yo rasanble nou. Yo fè nou vin sa nou ye.

Pwokirè Jeneral Bondi, nou pap kite pè pran sou nou. Nou pap kache. Nou pral kontinye suiv lalwa, epi n ap kontinye konsantre sou pwoteje rezidan nou yo.

Se vil pa nou sa. E pèsonn pa pral dikte libète nou.